

PWOGRAM PWOTEKSYON CHÈK SALÈ TI BIZNIS

Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè a bay ti biznis yo fon jiska uit (8) semèn nan depans sou salè yo tankou avantaj yo. Yo ka itilize fon yo pou peye enterè sou ipotèk, lwaye ak bòdwo yo.

Remèt Totalman

Yo bay fon yo sou fòm prè yo pral remèt totalman lè yo itilize pou depans salè, enterè sou ipotèk, lwaye, ak bòdwo sèvis piblik yo (poutèt plis chans ki gen nan abònman, omwen 75% nan kantite lajan yo remèt la yo te itilize li pou salè). Y pral kanpe peman prè yo pou sis (6) mwa tou. Yo pa mande okenn garanti finansye oswa pèsònèl. Ni gouvènman pa ak moun k ap bay prè yo p ap chaje ti biznis okenn frè enterè.

Dwe Kanpe Anplwaye yo sou Salè—oswa Anplwaye yo ankò Byen Vit

Konsantman an fèt pou patwon kenbe oswa rebran anplwaye yo byen rapid epi kenbe yo sou salè. Konsantman an ap redui si efektif anplwaye tan plen yo redui, oswa si salè yo ak tretman yo diminye.

Tout Ti Biznis yo Elijib

Ti Biznis ki gen 500 oswa mwens anplwaye yo—tankou òganizasyon ki pa la pou pwofi yo, ansyen sòlda, biznis famiyal yo, antreprenè endepandan, biznis endividyèl yo, ak travayè endepandan yo—elijib. Pou kèk endistri gen biznis ki gen plis pase 500 anplwaye yo elijib.

Lè Pou Aplike

Kòmanse 3 avril 2020, ti biznis ak biznis endividyèl yo kapab aplike. Kòmanse 10 avril 2020, antreprenè endepandan ak travayè endepandan yo kapab aplike. Nou ankouraje w aplike pi rapid ou kapab fè sa paske pagen anpil fon disponib.

Fason pou aplike

Ou ka aplike pou prè nan tout SBA ki deja egziste yo 7 (a) oswa nan nenpòt ki enstitisyon depo garanti gouvènman federal la kouvri, tout koperativ gouvènman federal la kouvri, ak Enstitisyon Farm Credit System k ap patisipe. Lòt moun k ap prete otorize ap disponib pou fè prè sa yo yon fwa yo apwouve yo epi yo enskri nan pwogram lan. Ou ta dwe konsilte moun k ap prete nan kominote ou an pou w konnen si l ap patisipe. Tout prè yo pral gen menm tèm ak kondisyon kèlkeswa se pou moun k pa bay prè a oswa sila k ap resevwa prè a. Ou kapab jwenn yon lis moun k ap bay prè k ap patisipe ansanm ak lòt enfòmasyon epi tout tèm yo sou www.sba.gov.

Administrasyon Ti Biznis ap aplike Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè ak sipò Ministè Trezori. Moun k ap bay prè yo ta dwe vizite www.sba.gov oswa www.coronavirus.gov pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Sous: <https://home.treasury.gov> Apati 12 avril 2020



PA RANPLI FÒM SA A. RANPLI FÒM ANGLÈ A.

Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè

Nimewo kontwòl OMB:
3245/0407
Dat ekspirasyon: 30/09/2020

| | | |
|---|--|----------------------------------|
| Tcheke Youn : Antrepriz yon sèl pwopriyete Non Kolektif C-Corp S-Corp LLC Antreprenè endepandan Travayè endepandan elijib Òganizasyon ki pa la pou fè pwofi 501(c)(3) òganizasyon ansyen sòlda 501(c)(19) Biznis lokal (seksyon 31(b)(2)(C) Lwa sou Biznis) Lòt | DBA oswa Non Komèsyal si sa Aplikab | |
| Non legal Biznis lan | | |
| Adrès Biznis lan: | TIN Biznis lan (EIN, SSN) | Nimewo Telefòn Biznis lan |
| | | () - |
| | Nimewo Kontak Prensipal | Adrès imèl |
| | | |

| | | | | |
|--|---|----|-------------------|--|
| Salè Chak Mwa An mwyèn: \$ | x 2.5 + EIDL, Dediksyon Davans (sis sa Aplikab) Egal ak | \$ | Kantite Anplwaye: | |
| Objektif prè a (chwazi plis pase youn): <input type="checkbox"/> Peman <input type="checkbox"/> Lwaye / Entèrè Ipotèk <input type="checkbox"/> Bòdwo <input type="checkbox"/> Lòt (eksplike): _____ | | | | |

Pwopriyete Aplikan

Enimere tout pwopriyete ki gen 20% oswa plis byen Aplikan an. Mete yon lòt fèy si sa nesèsè.

| Non | Tit | Pousantaj | TIN (EIN, SSN) | Adrès |
|-----|-----|-----------|----------------|-------|
| | | | | |
| | | | | |

Si w reponn "Wi" nan kesyon (1) oswa (2) yo, yo p ap apwouve prè a.

Kesyon

- Èske Aplikan an oswa yo kanpe tout pwopriyete Aplikan an ki kanpe kounya la, radye, yo pwopoze pou yo radye, nenpòt ajans oswa depatman Federal te deklare pa elijib, retire volontèman pou patisipe nan tranzaksyon sa a, oswa fè fayit sou nenpòt fòm aktyèlman?
- Èske aplikan an, nenpòt pwopriyete Aplikan an, oswa nenpòt ki biznis li posede oswa yo kontwole te janm jwenn yon prè dirèk oswa garanti nan SBA oswa nenpòt ki lòt ajans Federal kounya an reta oswa te an reta pandan 7 lane ki sot pase yo la lakòz gouvènman an fè pèt?
- Èske aplikan an oswa tout pwopriyete Aplikan an se pwopriyete nenpòt lòt biznis, oswa gen administrasyon komen ak, nenpòt biznis? Si repons lan se wi, nimere tout biznis sa yo epi deklare relasyon ki gen sou yon lòt fèy w ap idantifye Anèks A.
- Èske yo te bay aplikan an yon Prè SBA pou Katastwòf Ekonomik SBA ant 31 janvye 2020 epi 3 avril 2020? Si w reponn wi, bay detay sou yon lòt fèy apa w ap idantifye Anèks B.

Si w reponn "Wi" nan kesyon (5) oswa (6) yo p ap apwouve prè a.

Kesyon

- Èske aplikan an (si se yon moun) oswa nenpòt ki moun ki posede 20% oswa plis nan byen Aplikan an yo pousuiv li lajistis, gen enfòmasyon kriminel, akizasyon, oswa lòt mwayen yo te pote plent kriminel fòmèl nan nenpòt jiridiksyon, oswa nan prizon pou kounya la, oswa y ap siveye oswa nan libète sou kondisyon?
Mete Inisyèl ou la pou konfime repons ak kesyon 5 lan → _____
- Nan 5 dènye ane yo, pou nenpòt krim, aplikan an (si se yon moun) oswa nenpòt ki pwopriyete aplikan an 1) te kondane; 2) plede koupab; 3) te plede non koupab; 4) yo te mete sou refòmasyon prevantif; oswa 5) yo te mete sou nenpòt fòm libète sou kondisyon oswa ap siveye (tankou ap siveye anvan jijman)?
Mete Inisyèl ou la pou konfime repons ak kesyon 6 lan → _____
- Èske Etazini se premye kote rezidans pou tout anplwaye Aplikan ki nan kalkil salè Aplikan an ki anwo a?
- Èske Aplikan gen yon franchiz yo nimere nan Anyè Franchiz SBA a?



Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè

Lè w Siyen anba la, ou Fè Deklarasyon, Bay Otorizasyon ak Sètifve bagav sa yo:

SÈTIFIKASYON AK OTORIZASYON

mwen sètifye:

Mwen te li eklarasyon ki nan fòm sa a, tankou Deklarasyon Lalwa Egzije ak Dekrè yo, epi mwen konprann yo.

Aplikasyon an elijib pou resevwa yon prè dapre règleman ki anvigè nan moman li soumèt aplikasyon sa a Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) te aplike nan Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè nan Divizyon A, Tit I Èd pou Kowonaviris, Soulajman, ak Lwa Sekirite Ekonomik (Lwa CARES) (Règleman sou Pwogram Chèk Salè).

Aplikasyon an (1) se yon antreprenè endepandan, travayè endepandan elijib, oswa yon sèl pwopriyètè oswa (2) anplwaye pa plis pase pi plis pase 500 oswa anplwaye oswa, si sa aplikab, estanda nan kantite anplwaye SBA etabli nan 13 CFR 121.201 pou endistri aplikasyon an.

Mwen pral respekte, depi genyen, dwa sivil ak lòt entèdiksyon ki gen nan fòm sa a.

Tout pwodui prè SBA yo y ap itilize yo ak sa k gen rapò ak biznis sèlman jan yo di sa nan aplikasyon epi respekte Règleman Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè a.

Depi mwen kapab, m ap achte pwodui ak ekipman ki fèt Ozetazini sèlman.

Aplikasyon an pa angaje li nan okenn aktivite ilegal ki anba lalwa federal, eta a oswa lokal.

Tout prè aplikasyon an resevwa anba Seksyon 7 (b) (2) Lwa sou Ti Biznis ant 31 janvye 2020 ak 3 avril 2020 an se te pou yon lòt rezon ki deiferan ak peye frè salè ak lòt itilizasyon prè ki akseptab dapre Règ Pwoteksyon chèk Salè la. .

Pou Aplikasyon ki se moun: Mwen otorize SBA pou mande enfòmasyon sou dosye kriminel mwen nan ajans jistis penal pou detèmine si mwen kalifye pou pwogram Lwa sou Ti Biznis otorize a, jan yo amande sa.

ATESTASYON

Reprezantan Aplikasyon an otorize a dwe konfime bon volonte li gen pou respekte tout sa ki anba la yo **lè l ap mete Inisyal** li bò kote yo chak:

_____ Aplikasyon an t ap fonksyon 15 fevriye 2020 epi te gen anplwaye li te peye salè ak taks sou salè oswa peye antreprenè endepandan, jan yo te rapòte nan Fòm (s) 1099-MISC.

_____ Tèt chaje ki gen nan ekonomik pou kounya fè demann prè sa a nesesè pou sipòte fonksyonman dirab aplikasyon an.

_____ Yo pral itilize lajan sa pou kenbe travayè yo ak kenbe salè yo oswa pou fè peman enterè ipotèk yo, peman lwaye, ak peman bòdwo sèvis piblik, jan sa site sa nan Règleman Pwoteksyon Chèk Salè a.; Mwen konprann si yo konnen mwen itilize fon sa a pou yon rezon yo pa otorize, gouvènman federal la ka jije mwen, tankou akize mwen pou fwod.

_____ Aplikasyon an pral bay moun k ap prete li lajan an papye pou verifye kantite anplwaye ekivalan tout jounen aplikasyon an genyen l ap peye ansanm avèk kantite frè sou salè, peman enterè ipotèk la kouvri, peman lwaye ki kouvri, ak sèvis ki kouvri pou yon peryòd an uit semèn aprè prè sa a.

_____ Mwen konprann yo pral bay remèt prè pou kantite lajan total depans salè yo bay papye, peman enterè ipotèk ki kouvri yo, peman lwaye ki kouvri yo, ak bòdwo sèvis piblik ki kouvri yo, epi pa plis pase 25% kantite lajan yo remèt la kapab peye bagay ki pa gen rapò ak salè.

_____ Pandan peryòd ki kòmanse nan dat 15 fevriye 2020 epi k ap fini nan dat 31 desanm 2020 an, Aplikasyon an pa gen epi li p ap resevwa okenn lòt prè dapre Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè.

_____ Mwen konfime ankò enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon sa a ak enfòmasyon mwen bay antanke tout dokiman epi fòm sipò yo vrè epi egzat nan tout apè yo. Mwen konprann si mwen fè espere mwen bay yon fo deklarasyon pou mwen jwenn yon prè SBA bay lalwa ap pini mwen anba 18 USC 1001 ak 3571 prizon pa plis pase senk ane epi/oswa yon amann ki rive jiska \$ 250,000; anba 15 USC 645 prizon pa plis pase de ane epi/oswa yon amann ki pa plis pase \$ 5,000; epi, si yo soumèt li nan yon enstitisyon asirans federal, anba 18 USC 1014 prizon pa plis pase trant ane epi/oswa yon amann pa plis pase \$ 1,000,000.

_____ Mwen rekonèt moun k ap bay prè a pral konfime kantite prè ki elijib a avèk èd papaye yo soumèt Mwen konprann, rekonèt epi mwen dakò moun k ap bay prè a a ka pataje nenpòt enfòmasyon fiskal mwen te bay avèk reprezantan otorize SBA a, ki gen ladan li reprezantan otorize nan Biwo Enspektè Jeneral SBA a, nan objektif pou respekte Kritè Pwogram Prè SBA ak tout revizyon SBA.

Siyati Otorize Reprezantan Aplikasyon an

Dat la

Ekri Non w Byen Klè

Tit



Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè

Rezon Fòm sa a:

Se yon reprezantan otorize aplikan an ki dwe ranpli fòm sa a epi **soumèt li bay moun k ap bay prè a k ap patisipe nan SBA ou**. Li obligatwa pou soumèt enfòmasyon an pou yo detèmine elijiblite ou konsènan èd finansye a Si w pa soumèt enfòmasyon an li ka aji sou detèminasyon sa a.

Eksplikasyon pou ranpli aplikasyon sa a:

Nan sa k konsène "objektif prè a," frè salè yo gen ladan yo konpansasyon pou anplwaye (kote yo rete prensipalman se Etazini) nan fòm salè, komisyon, oswa konpansasyon sanblab yo, konsèy sou lajan kach oswa ekivalan a (selon dosye dosye patwon an ki sot pase yo oswa, absans dosye sa yo, yon estimasyon akseptab, bon volonte nan travay la nan konsèy sa yo); konje vakans, paran, fanmi, medikal, oswa malad yo peye; alokasyon pou separasyon oswa revokasyon; peman pou dispozisyon avantaj anplwaye ki gen pwoteksyon kolektif swen sante, tankou prim asirans, ak retrèt; peman taks eta a ak lokal yo evalye sou konpansasyon anplwaye yo; ak pou yon antreprenè endepandan oswa yon sèl pwopriyete, salè, komisyon, revni, oswa salè nè nan travay endepandanswa sanblab ak konpansasyon.

Pou kalkil "Salè Chak Mwa An mwayèn," Pifò Aplikan yo pral sèvi ak salè an mwayèn chak mwa pou 2019, lè y ap retire depans ki plis pase \$ 100,000 sou yon baz chak ane pou chak anplwaye. Pou biznis anporè yo, Aplikan an ka chwazi olye li itilize salè an mwayèn chak mwa pou peryòd tan ant 15 fevriye 2019 ak 30 jen 2019, lè li retire depans ki plis pase \$ 100,000 sou yon baz chak ane pou chak anplwaye. Pou nouvo biznis yo, yo ka kalkile salè an mwayèn chak mwa lè o itilize peryòd tan ki soti premye 1 janvyè 2020 jiska 29 fevriye 2020, lè y ap retire depans ki plis pase \$ 100,000 sou yon baz chak ane pou chak anplwaye.

Sii Aplikan refinance yon Prè nan ka yon Katastwòf Ekonomik (Economic Injury Disaster Loan, EIDL): Ajoute montan ki rete a nan yon EIDL te fè ant 31 janvyè 2020 ak 3 avril 2020, mwens montan tout "avans" anba yon prè EIDL COVID-19, pou Fè Demann Prè jan yo endike sa sou fòm lan.

Tout moun yo site anba la yo konsidere se pwopriyete Aplikan an jan sa defini nan 13 CFR § 120.10, ansanm ak "mandatè yo":

Pou yon biznis endividyèl. sèl pwopriyete;

Pou yon biznis kolektif, tout asosye jeneral ak limie ki posede 20% oswa plis lajan nan biznis lan;

Pou yon biznis, tout pwopriyete ki gen 20% oswa plis nan biznis lan;

Pou biznis ki gen kapital limite yo, tout manm yo ki gen 20% oswa plis nan konpayi a, epi

Tout fidisi (si Aplikan an te gen yon fidisi).